

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Méhode jeung Téhnik Panalungtikan

##### 3.1.1 Méhode Panalungtikan

Métode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara nu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Méhode asal kecap ti Yunani nya éta *methodos*, nu ngandung harti jalan nu dipaké. Jadi, métode panalungtikan nya éta cara-cara mikir jeung ngalakukeun nu geus disiapkeun kalayan hadé pikeun ngalakukeun panalungtikan, sarta pikeun ngahontal hiji tujuan panalungtikan (Kartono, 1983: 15-16).

Arikunto (1996: 150) nétélakeun yén métode panalungtikan téh nya éta cara anu digunakeun dina ngumpulkeun data panalungtikan. Dumasar kana tujuan nu hayang dihontal, métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Surakhmad (1982 : 147) nétélakeun yén nu dimaksud métode déskriptif téh nya éta métode anu bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu aktual ku cara ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis data, sarta napsirkeun data.

Panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan nu tujuanna pikeun ngadéskripsikeun hiji kajadian atawa daérah populasi nu tangtu sarta mibanda sipat faktual sacara sistematis jeung akurat (Danim, 2002: 41). Ieu métode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun ajén falsapah anu nyampak dina unggal wangunan nu aya di Kampung Pulo.

### **3.1.2 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta; talaah pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Pikeun leuwih jéntré baris dipedar di handap ieu.

#### **3.1.2.1 Téhnik Talaah Pustaka**

Dina téhnik talaah pustaka panalungtik maca, néangan, sarta neuleuman eusi buku-buku pikeun nangtukeun dasar-dasar téoritis anu aya patalina jeung masalah nu rék ditalungtik. Talaah pustaka pikeun ngalengkepan data-data historis nu teu dipibeunang ngaliwatan obsérvasi di lapangan. Salian ti éta, talaah pustaka minangka bahan bacaan pikeun ngadéskripsikeun masalah nu baris ditalungtik.

#### **3.1.2.2 Téhnik Obsérvasi**

Pikeun ngumpulkeun data nu leuwih lengkep jeung informasi nu leuwih akurat, dina tahap awal panalungtik ngayakeun obsérvasi di lapangan, obsérvasi nya éta niténan langsung hiji objék nu bakal ditalungtik (Keraf, 1979 : 162).

#### **3.1.2.3 Téhnik Wawancara**

Anu diwawancara dina ieu panalungtikan nya éta tokoh masarakat/sesepuh Kampung Mahmud nu mikanyaho kana sajarah éta kampung, kuncén/juru konci makam, jeung sabagian masarakat nu datang atawa nu jarah ka makam karamat.

#### **3.1.2.4 Téhnik Dokuméntasi**

Pikeun ngarojong informasi data, téhnik dipaké nya éta téhnik dokuméntasi. Anapon nu didokuméntasikeunana nya éta makam karamat jeung hal-hal nu aya patalina jeung kagiatan spiritual (kaagamaan).

### **3.2 Populasi jeung Sampel**

Populasi nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh masarakat jeung wargawan imah nu aya di Kampung Pulo.

Sampel anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sampel purposif, anu mibanda harti sampel nu saluyu jeung tujuan nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan.

### **3.3 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

#### **3.3.1 Tape Récorder**

Tape récorder digunakeun pikeun ngarékam salila prosés wawancara lumangsung.

#### **3.3.2 Padoman Wawancara**

Padoman wawancara digunakeun pikeun nungtun panalungtik dina prakna wawancara jeung informan, sangkan obrolanna museur kana tujuan nu hayang dihontal (terlampir)

#### **3.3.3 Kaméra**

Kaméra digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun hal-hal anu aya patula-patalina jeung kagiatan spiritual (kaagamaan), sarta jadi bukti oténtik salila obsérvasi di lapangan.

#### **3.3.4 Handycam**

Handycam digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun kaayaan/film nu sabenerna ngeunaan imah adat nu aya Kampung Pulo.

### **3.4 Téhnik Ngolah Data**

Data nu geus dikumpulkeun tina hasil panalungtikan satuluyna dianalisis dumasar kana téhnik ngolah data.

### **3.5 Léngkah-léngkah Panalungtikan**

#### **3.5.1 Léngkah Tatahar**

Léngkah nu munggaran dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Nyodorkeun judul panalungtikan;
2. Nyusun rarancang panalungtikan;
3. Ngayakeun survéy awal;
4. Ngurus surat ijin panalungtikan;
5. Ngayakeun konsultasi jeung pangaping.

#### **3.5.2 Léngkah Ngumpulkeun Data**

Léngkah nu dilakonan dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Pengamatan sarta ngumpulkeun data kalawan turun langsung ka lapangan;
2. Ngadokuméntasikeun sarta ngainpéntarisir data nu dipibeunang;
3. Ngayakeun wawancara.

#### **3.5.3 Léngkah Ngolah Data**

Data nu geus kakumpulkeun satuluyna diolah dumasar kan téhnik ngolah data. Demi léngkah nu dilakonan dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Mariksa sarta niténan data-data nu geus kakumpulkeun;
2. Nganalisis/ngadéskripsikeun data; jeung
3. Nyieun kacindekan tina data anu geus kapaluruh.

#### **3.5.4 Léngkah Nyusun Laporan**

Léngkah pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta nyusun laporan. Sabada hasil panalungtikan dipasing-pasing, dianalisis tepi ka jadi informasi anu bisa disusun dina wangun déskriptif nu ahirna disusun sacara sistematis dina wangun skripsi.

Demi sistematika nyusunna saperti anu dibéréndélkeun ieu di handap.

1. Bab I Bubuka
2. Bab II Landasan Téori
3. Bab III Méhode Panalungtikan
4. Bab IV Ajén Palsapah dina Arsitéktur Imah adat Kampung Pulo
5. Bab V Kacindekan jeung Saran.